**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोभिड - १९ के कारण तत्काल नेपाल फिर्ता आबसकवला नेपालीके अनुमानित संख्या



01 श्रम स्वीकृती समाप्त भेल **३५,००० कोई**

02 नयाँ श्रम स्वीकृती ललक वैदेशिक रोजगारीमे गेल आ रोजगारी गुमेन **३,००,००० कोई**

03 पुन: श्रम स्वीकृती ललक वैदेशिक रोजगारीमे गेल आ रोजगारी गुमेन **५,००,००० कोई**

04 भिजिट भिषामे जालक काम करहल लेकिन रोजगारी गुमेने **१०,००० कोई**

05 आममाफीसँ लाभ उठाक स्वदेश फिर्ता आबवलासभ **२५,००० कोई**

06 रोजगारीमे समस्या नैभेल, लेकिन, स्वेच्छा सँ रोजगारी छोईड़क स्वदेश फिर्ता आबवलासभ **२०,००० कोई**

07 अध्ययन, व्यापार या पारिवारिक भेटघाट या व्यक्तिगत प्रयासमे रोजगार प्राप्त केने लेकिन, श्रम स्वीकृती नै ललक विदेशमे बसोवास करहल **७,००,००० कोई**

**जम्मा १५,९०,००० कोइ**

स्रोत: https://www.nhrcnepal.org/nhrc_new/doc/newsletter/Final_Book_Impact_of_COVID_on%20Migrant_2077.pdf

## नेपाल अपडेट



रुकुम पश्चिमके आठबीसकोट स्थित आइसोलेशनमे संक्रमितके बुखार नापैत स्वास्थ्यकर्मी ।

तस्बिर: हरी गौतम

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: ६,९३,४७२

पोजेटिभ: ३९,४६०

उपचाररत: १७,८२२

मृत्यु : २२८




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



जोखिम मोईलक दिनराईत कोरोना संक्रमण, रोकथाम तथा ईलाजमे खटल स्वास्थ्यकर्मी उपर दुर्व्यवहारके घटना घटिरहल छै । शिकायत दर्ज करवला निकाय नै छै ?

कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण तथा ईलाजमे खटल चिकित्सक, स्वास्थ्यकर्मी आ आरो कर्मचारी उपर हुलहुज्जत करवला, धम्की देबवला, बसोबास करहल घर/डेरा आबाजाही करमे अवरोध करवला, घेरवला, दुर्व्यवहार करवला विरुद्ध गृह मन्त्रालय कारवाही कर मातहतके निकायके निर्देशन देने अछि । कोनो भी जगहपर ओहन घटना होब सकैय तेहन देखेलापर या भेलापर तत्काल गृह मन्त्रालयके टोल फ्रि नं. ११४९ या नेपाल प्रहरीके १०० नम्बरमे फोन कलक जानकारी कराब मन्त्रालय कहने छै । उजुरीकर्ताके विवरण गोप्य रहतै ।

स्रोत: https://www.moha.gov.np/post/pa-ra-sa-va-ja-niapa-ta-129



सरकार समय बितलाके बाद मल वितरण कलरहल छै, लेकिन कतल केना वितरण करत तेकर कोनो अतापता नै छै ।

अखन के परिस्थितिमे मल वितरणके क्रममे भीडभाड होब नै देब बहुतोरास जगह/स्थान/टोलके किसानके लेल अलगे अलगे मल वितरण करके समय तालिका तैयार कलक आ ओकर जानकारी इमेल, टेलिफोन, एसएमएस या आरो उपलब्ध माध्यम मार्फत सम्बन्धित किसानके कराएब कहिक कृषि तथा पशुपन्छी विकास मन्त्रालय सुरक्षा विधि सहितके मापदण्डे जारी केने अछि । तहिना कलक, सेवाग्राही किसानके मल बिक्रेताद्वारा निर्धारित करलगेल समयमे मल लेबके व्यवस्था सेहो मिलएब कहने छै ।

स्रोत: https://s3-ap-southeast-1.amazonaws.com/prod-gov-agriculture/server-assets/notice-1598257936494-dca89.pdf



आब कोरोना संक्रमितके दशे दिनमे डिस्चार्ज करत त कहादन ।

आईसोलेशन तथा अस्पतालमे ईलाज करारहल कोरोना संक्रमित बिमारीसभके स्वाब संकलन केने दिन सँ १० दिनके बाद फेरो RT-PCR परीक्षण कर परत । तेहन बिमारीके परिक्षण परिणाम निगेटिभ एलापर डिस्चार्ज करतै आ पोजेटिभ एलापर तेकर ४ दिनके बाद जाँच नै कलक डिस्चार्ज करब कहने छै । ई निर्णय स्वास्थ्य मन्त्रालय विश्व स्वास्थ्य संगठनके प्रोटोकल अवलम्बन करैत लेने छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/611501743069785



कर्णाली प्रदेश सँ बाहर स्थायी ठेगाना भेल नागरिकके श्रम तथा रोजगार प्रदेश कार्यालय सुर्खेत सँ फेर श्रम स्वीकृती भेटतै कि नै भेटतै ?

फेर श्रम स्वीकृती कोनो भी प्रदेशके नागरिक कोनो भी प्रदेश सँ लेक सकैय । पुन: श्रम स्वीकृती लेबके लेल वैदेशिक रोजगार वोर्डके कल्याणकारी कोषमे रु. १५०० बुझाब परत । तहिना कलक, मान्यता प्राप्त (स्वीकृती पेने) बीमा कम्पनीमे जालक सम्बन्धित आदमी वैदेशिक रोजगार (म्यादि) बीमा केने होब परत ।

स्रोत: https://www.leosurkhet.gov.np/

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,१४,८२१ संक्रमित | ८५,१०९ संक्रमित | ५१,५७४ संक्रमित | १,१८,५७५ संक्रमित | ६९,६९० संक्रमित | ८५,७२२ संक्रमित | ९,३४० संक्रमित | १९,९४७ |
| १८७५ नेपाली संक्रमित | १६५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २२,५०० नेपाली संक्रमित | २४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ११ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## कुवेत आ कतार सरकारद्वारा कएलगेल महत्वपूर्ण निर्णयसभ

### कुवेत

कुवेत सरकार, Ministry या Interior अगष्ट ३१ तक केने भिषा अवधीके फेरो ३ महिना थप कलक ३० नोभेम्बर तक पुगाबके निर्णय केने छै ।

### साउदी अरब

साउदी अरबमे अकामा नै भेल कारण सँ Exit Visa नै लागल श्रमिकसभके लेल साउदी अरब स्थित नेपाली दुतावास अपन कागजात सहित देलगेल ह्वाट्सएप नंम्बर ०५०००२१४०९ मे सम्पर्क कर कहलगेल छै ।

### पठाउनु पर्ने कागजातहरू:

१. पासपोर्टके कपी (अपन फोटो भेल पृष्ठ) ।
२. ५ महिना सँ पहिले सँ म्याद खतम भेल अकामा या अकामा नै बनल छै त साउदी अरब आबकालके साउदी ईमिग्रेसनके छाप भेल पासपोर्टके पृष्ठ ।

### कतार

कतार सरकार अपने विश्व श्रम बजारमे आरो सँ बढिया बन चाहैत छै । अहि अनुरुप आबके ६ महिनाबाद लागु हेतै कहिक किछ महत्वपूर्ण निर्णय केने छै ।

१. श्रमिकके न्यूनतम तलब १,००० रियाल तोकलगेल छै । यदि खाय आ रहल नै देने अवस्थामे रहके लेल ५०० रियाल आ खायके लेल ३०० रियाल कलक ८०० रियाल थप देब परतै । एकर मलतब खाय आ रह नै देने अवस्थामे न्यूनतम १८०० रियाल देब परतै ।
२. आब कतारमे नोकरी बदैलक एकटा कम्पनी सँ दोसर कम्पनीमे जायके लेल पुरान कम्पनी सँ NOC (No Objection Certificate) के जरुरत नै परत ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझ UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) हमरासभके प्रत्यक्ष देख सुन सकै छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## वीरेन्द्रनगर नगरपालिकाद्वारा केने कोरोना सम्बन्धी खर्च




**राहत पाबवला जम्मा घरदुवाईर** **१७,५७८**

व्यवस्थापन आ राहत वितरणमे बहुते खर्च भेल छै । क्वारेन्टाईनमे खानाके व्यवस्थापन केनाई एकदमे महत्वपूर्ण होईछै, लेकिन राहत वितरणमे भेल खर्च असामान्य रुपमे बेसी छै । जम्मा १७,५७८ घरधुरीके राहत भेटल तथ्यांक देखाबैत छै । जै नगरपालिका भितरके कूल घरदुवाईरके ६०% छै । राहत वितरणके लेल सरकारद्वारा बनाएलगेल मापदण्ड न्यून आय भेल आ महामारीके कारण रोजगारी गुमौने के राहत वितरण करब कहने छै । लेकिन, राहत पाबवला घरदुवाईरके संख्या देखलासँ मापदण्डके पालना नै भेलै कि से कहके जगह रहैछै । ि विषयक सम्बन्धमे गहन अध्ययन कर पड्त से देखाईत छै । एते बेसी रकम स्वास्थ्य सेवाके आरो क्षेत्रमे खर्च करल जाळसकैत छै । किया कि, उ महत्वपूर्ण क्षेत्रमे भे खर्च नगान्य जेना छै ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भळक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कळक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कळक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# परदेश सँ फिर्ता आबमे असमञ्जस, एलाके बाद आरो बेसी असमञ्जस



खजुरा गाउँपालिका वडा न.२ के रमेश बि.क. भारतके मह(ाराष्ट्र धुलियामे रहल एक होटलमे भन्सियाके काज करैत छलै । ऊ भारत गेलाके ७ महिना बित नै पाईबते कोरोनाके कारण होटल बन्द भेलै । काम बन्द भेलाके बाद घर आबके योजना बनेलौ । लेकिन, होटलवला किछ समयबाद होटल चलत से आश्वासन देलक । २ महिनाके लम्बा प्रतिक्षाके बाद सेहो होटल चल नै सकल । कोठलीम`बैसक खाईत हुनकासभलग भेल पैसा सेहो खतम भगेल । तैके उपर सँ कोरोना लागत कि कहिक डर सेहो सताबैत रहैत छल । घरसँ बेर बेर घर फिर्ता आब कहलाके बादो हुनक(ासभलग एको पाई नै छलै । होटल नै चलत से देखलाके बाद, संगे काजकरवला साथीसभ घर फिर्ता जायला समुह बनाब लागल । दिन काटवला साथीसभ घर फिर्ता जायत से बात हुनकासभके बढिया नै लागल । बाचँब त काईल्ह कमाएब कहिक उहोसभ घर फिर्ता जायके निर्णय केलक । लेकिन, घर फिर्ता जायमे लागवला बसके किराया तक नै छलै । घरमे सब समस्या सुनाक घर फिर्ता आबके लेल पैसा मंगालौ । कमाब गेल बेटा किछ पैसा कमाक आयत कहिक माँ बाबुके सपना विपरित घर फिर्ता आबके लेल पैसा पठादे माँ कहैतकाल बहुते कनलौ ।



३८ कोई साथीसभ मिलक बस रिजर्ब कलक नेपाल एलौ । १३ दिन खजुरा क्वारेन्टाइनमे रहलाके बाद कारोना परीक्षण करेलापर नतिजा निगेटिभ एलै । स्वास्थ्यकर्मीके सल्लाह अनुसार १५ दिन होम क्वारेन्टाइनमे रहलौ । १ महिनाके क्वारेनटाइनमे दिन बिताबैत काल खासे चिन्ता नै लागल तैयो क्वारेन्टाइन अवधि खतम भेलाके बाद, घरमे कि कलक दिन बिताएब कहिक चिन्ता सताब लागल । चारुदिस बन्द देखक रोजगारीके कोनो सम्भावना नै देखलापर हुनकासभके आरो निराश बनेने छै । ऊ सभ कहैत अछि स्थानीय सरकार समस्यामे परल  सबके समानरुपमे सेवा प्रवाह करके चाही आदमी विशेषके देनाई गलत छै ।

*खजुरा गाउँपालिका वडा नं. २ के वडा अध्यक्ष देवीलाल शर्माके अनुसार, रोजगारीके कार्यक्रम सब गाउँपालिकाद्वारा निर्धारित भेलाके कारण वडा सँ सुचना प्रवाह कर बाहेक किछ करल नै जाँल सकैय । अखन कोरोनाके कारण बाहर देश कमाय जायवल(ासभके मात्र नै भलक स्थानीय स्तरमे काज करवलासभके सेहो रोजगारी गुमलाके कारण सँ बेरोजगारीसभके संख्या बढला सँ व्यवस्थापनमे समस्या भेल छै । यद्यपी अखन खजुरा गाउँपालिका कृषिके बहुतोरास कार्यक्रमसभ संचालनमे अनने छै । तै मे वैदेशिक रोजगारसँ फिर्ता आएलसभके विशेष प्राथमिकता देतै से बताओल गेल छै । प्रधा(नमन्त्री रोजगार कार्यक्रम अन्तरगत रोजगारीके लेल सेहो आवेदन खुलल छै ।*



**रमेश बि.क.**

खजुरा गाउँपालिका,
वडा न. २

# शिक्षा क्षेत्रमे कोभिड - १९ सँ पड्ल प्रभाव



मानव जनजीवनके प्राय:जेना सब पक्षसभ कोभिड - १९ के कारण ठप्प जेना भेल छै । देशभैरके सब शैक्षिक संस्थासभ ६ महिना सँ बन्द छै । युनेस्कोके प्रतिवेदन अनुसार विश्वके १९१ राष्ट्रके करिब १६ लाख विद्यार्थीसभ गम्भिर रुपमे प्रभावित भेल छै । एकरे कारण हजारौं आदमीसभके रोजगारी गुमेने छै त हजारौं शैक्षिक संस्था बन्द भेल छै । नेपालके करिब ९० लाख विद्यार्थी आ शैक्षिक क्षेत्रमे कृयाशिल जनशक्ति घरमे रहिरहल छै । किछ विद्यालय इ-लर्निङके माध्यम सँ पठनपाठन शुरु केने छै । लेकिन, अई सँ शिक्षाके पहुँचमे असमानता सेहा आईनरहल छै । इन्टरनेटके पहुँच अखनके अवस्थामे ५६% मात्रे छै त, १३% विद्यालय मात्र इ-लर्निङके माध्यमसँ पठनपाठन कर सकैय । तै कारण एहने स्थितिमे आरो बहुते समस्याके सामना कर पड्तै ।

## कोभिड - १९ आ शिक्षा अर्थतन्त्र

निजी शैक्षिक संस्थासभके एकमात्रे आयस्रोत विद्यार्थीसँ उठाबवला नियमित शुल्क छै । एकर मतलब ईसभ पूर्ण रुपमे शुल्कपर निर्भर रहैत छै । अखनके अवस्थामे सरकारके ठोस योजना लाबके चाहि । लेकिन, सरकारके शैक्षिक नीति एकदमे कमजोर छै । विद्यालय मानव स्रोत साधनके व्यवस्थापन केना करतै ? शैक्षिक गतिविधि केना नियमित करतै ? तै बापतके शुल्क निर्धारण केना करतै ? सहुलियतके व्यवस्था कि हेतै ? अखनतक कोनो स्पष्ट मापदण्ड या कार्यविधी नै बनल छै । अईसँ शिक्षा क्षेत्रके आरो कमजोर बनेतै ।

## आबके विकल्पसभ



दिर्घकालिन योजना बनेबै त, शैक्षिक क्षेत्रमे देखाएल अवरोध हटाबके विकल्प चयन करबै त ई उत्कृष्ट अवशर छै । अई सँ पहिले अपनासभके शैक्षिक नीति सँ आबवला प्राकृतिक संकटमे कि करब तै विषयके नै समेटन प्रष्ट छै । अखनके अवस्थामे २ टा विकल्प आगु आनल जाळसकैत छै ।

### १. Collaborative Condensed Curriculum – 3Cs

ई अवधारणा अनुसार, पहिले विद्यार्थीसभके उमेर समुहमे विभाजन करब । तेकर बाद एते सँ एते उमेर समुहके विद्यार्थी कि कि सिखत से तय करब । विषयवस्तु आ परियोजनामे आधारित सिखाईके जोड् देब । किताबपर आधारित शिक्षा सँ, लक्ष्य निर्धारण, जीवन पद्दती आ प्रकोप तथा संकट व्यवस्थापन केना करब जेहन व्यवहारिक शिक्षापर जोड् देब । अई तरहके शैक्षिक प्रणालीके विकास हेतै त, अखनके जेहन संकट सँ शिक्षा क्षेत्रमे कानो असर नै पड्तै ।

### २. सप्ताहमे एक बेर विद्यालय खोलब

अई विकल्प अनुसार, विद्यार्थीके सप्ताहमे एकबेर विद्यालय बजाएब । एना सप्ताहमे एक बेर विद्यालय आबवला विद्यार्थीके सप्ताह भैरमे सिखपरवला विषयवस्तुके सम्बन्धमे सहजीकरण कलक पठाएब ।

अखनके अवस्था देखलापर सरकारके निजी विद्यालयके आर्थिक सहयोग करके चाहि, से नै भेलै त ओई संस्थाके मुनाफा रहित संस्थाके रुपमे विकास करके चाहि । तथ्यांक देखबै त, तैयो नेपालमे अखन ० सँ १४ वर्ष उमेर समुहके जनसंख्या २९.५४% छै । तहिना कलक १५ सँ २४ वर्ष उमेर समुहके जनसंख्या २१.५२% छै । एना देखलापर ० सँ २४ वर्ष उमेर समुहके जनसंख्या नेपालके कुल जनसंख्याके ५१.०६% छै । अई उमेर समुह कि त विद्यालय तहमे या विश्वविद्यालयमे अध्ययनरत उमेर समुह छै । नेपालके आधा सँ बेसी जनसंख्याके कि बनेबै ? अखनके प्रश्न छै ।

*उपर प्रस्तुत सामग्री शिक्षा क्षेत्रके अध्येता अर्जुन अधिकारीसंगेके बातचितपर आधारीत छै ।*

सही सूचना

# अस्पतालके क्षमता खतम भेला या नेपालमे प्राय: संक्रमित सामान्य लक्षणके मात्रे छै ?

## होम आईसोलेशन आ आईसियु/भेन्टीलेटरमे कोभिड - १९ संक्रमितके संख्या




उपरका ग्राफसँ अलगे अलगे प्रदेशमे होम आईसोलेशन आ आईसियुमे रहलके संख्याके देखाबैत छै । जम्मा सक्रिय संक्रमित मे सँ करिब ३९.४ प्रतिशत संक्रमित होम आईसोलेशनमे रहिरहल छै । प्रदेश नं. २ के लगभग आधा संक्रमित आ बागमती प्रदेशके एकतिहाई सक्रिय संक्रमित होम आईसोलशनमे रहिरहल छै । एकर मतलव, अई प्रदेशसभमे स्वास्थ्य सेवाके क्षमता एकदमे कम मात्रे छै से देखाबैत छै । अई प्रदेशसभमे संक्रमण फैलके दर सेहो बढैत जाळरहल छै । नेपाल भैर जम्मा ०.९ प्रतिशत संक्रमित मात्रे आईसियुमे रहिरहल छै । एकर मतलब नेपालमे देखाएल संक्रमितसभ प्राय: सामान्य लक्षणके देखाएल छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि अगस्त महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219